



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/07/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PLIS PASE \$24 MILYON NAN SIBVANSYON
FEDERAL POU KONBAT TEWORIS NAN ETA NEW YORK**

*Finansman ap ranfòse efò teworis ki deja ankou pou garanti sistèm tranpsò a
ansanm avèk fwontyè entènasyonal Eta*

*Finansman an konplete \$54 Millyon ki te enkli nan Bidjè Ane fiskal 2017 la pou
pwoteje Nouyòkè yo*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke yo te atribye a Eta New York apeprè \$24 milyon nan finansman federal pou sipòte efò anti-teworis toupatou nan eta. Finansman, ki soti nan Ajans Jesyon Ijans Federal, ap ranfòse efò enpòtan ki deja ankou ant ajans lapolis lokal, eta ak federal yo pou pwoteje enfrastrikti transpòtasyon ansanm avèk fwontyè nou yo kont teworis. Sibvansyon federal ki te anonse jodia ap konplete yon total \$54 Millyon ki te enkli nan Bidjè Ane fiskal 2017 la pou pwoteje Nouyòkè yo epi konbat teworis, jan li pwopoze pa Gouvènè Cuomo nan prentan sa a.

“Sekirite ak pwoteksyon tout Nouyòkè se priyorite nimewo en nou,” **te deklare Gouvènè Cuomo.** “Finansman sa pral asire ke moun sila yo ki an premye plan gen aksè a ekipman, resous ansanm avèk fòmasyon yo bezwen pou pwoteje kominote nou yo kont moun kap swete nou malè. Li esansyèl ke nou rete vijilan epi envesti ak sipòte efò anti-teworis sa yo.”

\$22.7 milyon pou pwoteje Sistèm Transpòtasyon

Pou sipòte dirèkteman enfrastrikti transpòtasyon aktivite sekirite, espesyalman kont atak teworis, yo te bay yon lòt \$22.7 milyon a twa otorite transpòtasyon nan Eta New York. Sibvansyon an fè pati nan Pwogram Sekirite Transpò federal, e yo pral itilize l pou ranfòse enfrastrikti, ak planifikasyon, fòmasyon ak aktivite egzèsis.

Metropolitan Transportation Authority ap resevwa \$22,498,175, sa ki plis pase \$3 milyon dola ogmantasyon parapò avèk prim ane pase a. Finansman MTA a gen ladan \$7,076,949 pou patwouy Depatman Lapolis New York ak pwoteksyon sistèm tren an. Yo te bay yon total \$153,300 a Niagara Frontier Transportation Authority, ak \$25,000 pou Rochester Genesee Regional Transportation Authority.

\$1.6 Milyon pou Pwoteje Fwontyè Entènasyonal yo

Pou amelyore koperasyon ak kowòdinasyon ant ajans ranfòsman lokal, eta ak federal kap pwoteje fwontyè Etazini, yo te bay yon lòt \$1.6 milyon. Sibvansyon an fè pati nan operasyon Stonegarden. Wap jwenn benefisyè sibvansyon yo anba.

Sektè Patwouy Dwann/Fwontyè: Buffalo

- Konte Cayuga: \$96,180
- Konte Chautauqua: \$137,778
- Konte Erie: \$185,855
- Konte Jefferson: \$121,779
- Konte Monroe: \$144,178
- Konte Niagara: \$172,976
- Konte Orleans: \$112,179
- Konte Oswego: \$105,780
- Konte Wayne: \$105,780

Sektè Patwouy Dwann/Fwontyè: Swanton

- Konte Clinton: \$122,030
- Konte Franklin: \$65,264
- Konte St Lawrence: \$167,228
- Konte St. Regis Mohawk: \$127,679

Senatè Kirsten E. Gillibrand te deklare: “Lajan federal sa yo enpòtan pou sekirite kominote fwontyè nou yo ansanm avèk tout eta. Eta nou an gen kèk nan pi gwo sib teworis nan peyi a e nou dwe asire ke ajans lapolis lokal yo gen resous yo bezwen pou kontinye pwoteje nou. Mwen pral kontinye goumen pou jwenn lajan pou pwogram sa yo kidonk nou ka kenbe konominote nou yo ansekirite.”

Manm Kongrè Charles B. Rangel te deklare: “Avèk ogmantasyon menas teworis nan mond lan, envestisman federal sa yo pral rann li posib pou nou mete ajou enfrastrikti sistèm transpò nou ak fòmasyon pou pwoteje Nouyòk yo ansanm avèk moun yo toupatou nan peyi nou an. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li te travay avèk dilijans pou asire ke lajan enpòtan sa yo disponib pou Eta nou an kidonk nou ka reponn a demann sekirite 21^{yèm} syèk la.”

Manm Kongrè Eliot Engel te deklare: “Preske \$15.5 milyon nan finansman federal pou sekirite transpò nan MTA pral ede kenbe vwayajè yo nan Vil New York ansanm avèk Westchester ansekirite. Sistèm transpò New York la se pami sa ki pi frekante nan mond lan, e sipò federal ki ankou a vle di ke bis ak tren New York, ansanm avèk sistèm tren Metro-North la, pral anmezi pou kontinye chita sou fòmasyon, enfrastrikti sekirite, ak yon kapasite repons solid. Egalman, pwoteksyon fwontyè pou tout pasaj pa tè ak pò yo pral ede kenbe tout Ameriken yo ansekirite. Mwen te yon defansè pandan lontan pou yon finansman ki pi solid pou sekirite transpò. Pandanke map kontinye kwè ke Kongrè a kapab e li ta dwe fè plis sou ka sa, mwen konnen ke finansman sa enpòtan pou New York pandan nap kontinye travay pou kenbe kominote yo ansekirite.”

Depite Nita M. Lowey te deklare: "Yon atak sou vas sistèm transpòtasyon New York la ta yon bagay devastatè. Lajan federal sa yo enpòtan pou pwoteje rezidan lokal yo ki itilize transpò piblik chak jou. Mwen pral kontinye travay kòm yon manm ki la lontan nan Komite Afektasyon chanm lan pou garanti finansman pou kenbe Nouyòkè yo ansekirite ak pou pwoteje kominote yo kont ogmantasyon nivo menas nap fè fas parapò avèk lòt rejyon yo nan peyi a."

Manm Kongrè José E. Serrano te deklare: "Kòm resan vag atak teworis nan mond lan montre ke nou dwe rete vijilan nan efò nou pou kenbe peyi nou an ansekirite. Lè nou pwoteje gwo sant transpò ak enfrastrikti nou yo, finansman federal sa pral ede asire ke efò anti-teworis nan New York rete solid, ajou, epi byen kowòdone. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li asire ke nou rete fò, pwoteje ak yon vil ki rezistan."

Manm Kongrè Jerrold Nadler te deklare: "Sistèm transpò New York la se yon pouvwa kle dèyè ekonomi ak mendèv nou an, se poutèt sa li enpòtan anpil ke nou pran etap ki nesèsè pou defann li kont posib atak teworis. Plizyè milyon Nouyòkè depann sou sistèm tankou MTA chak jou, epi asire ke pasaje nou yo ansekirite sa gen ladan finansman efò anti-teworis nan tout gwo sant transpòtasyon nou yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li te garanti finansman enpòtan sa atravè Pwogram Sibvansyon Sekirite FEMA, sa ke yo te bay a MTA ansanm avèk lòt sistèm New York plis pase \$17 milyon dola pou sipòte sekirite enfrastrikti transpòtasyon, epi remèsye tout moun pou efò san relach yo nan pwoteje sistèm transpò nou an."

Manm Kongrè Carolyn B. Maloney te deklare: "Nouyòkè yo konnen nan pratik lapèn atak teworis isit la lakay. 9/11 se te yon kochman vivan, se yon bagay ki pa ta dwe janm refèt ankò. Avèk plis pase \$15 milyon dola nan finansman federal nou pral anmezi pou ogmante defans nou kont atak epi asire sekirite tout moun kap vwayaje nan transpò piblik. Enfrastrikti nou an pral pi pwoteje, e ofisye nou yo pral resevwa plis fòmasyon solid. Nap asire ke NYC pwoteje kont chak ang kidonk pi gwo vil nan mond lan ka toujou kontinye kanpe solid."

Depite Joe Crowley te deklare: "Piyorite nimewo en nou se pou kenbe Nouyòkè yo ansekirite e sibvansyon sa yo enpòtan nan efò nou pou konbat teworis efikasan oswa bloke menas nan sekirite nou," te deklare Depite Joe Crowley (D-Queens, Bronx). "Sistèm transpò piblik nou an se yon pati enpòtan nan vil nou an e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou wòl li nan asire ke finansman sa ki soti nan FEMA ale nan bon itilizasyon ak nan bi pou pwoteje pati enpòtan sa nan enfrastrikti nou an."

Congressman Steve Israel te deklare: "Antanke Nouyòkè, nou konnen kijan li enpòtan pou w prepare epi reponn rapidman a ijans ki pat prevwa. Mwen pral kontinye lite pou resous federal tankou sa pou kenbe fanmi New York yo ansekirite lè nou fòtifye enfrastrikti transpòtasyon nou an pou pwoteje l kont konplo teworis."

Depite Sean Patrick Maloney te deklare: “New York gen sistèm enfracstrikti transpòtasyon ki pi enpòtan nan peyi a sa ki asire ke plizyè milyon Nouyòkè ka vwayaje rapidman ak ansekirite. Konpatriyòt Ameriken mwen yo, espeysalman vwazen m yo, tout konnen twò byen enpòtans mezi anti-teworis solid e mwen kwè ke travay ansanm avèk Gouvènè Cuomo nou ka asire ke tren, vwa navigab, ansanm avèk pò yo ansekirite kont tout menas.” – te deklare, Depite. Sean Patrick Maloney

Manm Kongrè Lee Zeldin te deklare: “Nou jwenn rapèl la twò souvan pandanke nap tande ak li sou atak teworis aletranje, nou gen yon menas sekirite reyèl lokal nan pwòp fwontyè nou yo. Apre resan atak teworis nan Orlando, Florida, ak ogmantasyon teworis nan mond lan, gouvènman dwe aji pou pwoteje sitwayen nou yo. Nou menm, antanke yon peyi dwe rete vijilan pase toutan. Finansman federal sa esansyèl kounye pase toutan pou bay finansman ki nesèsè pou pwoteje eta ak peyi nou an.”

Depite Dan Donovan te deklare: “Vil New York se pi gwo sib teworis nan peyi a, kidonk li absoliman eansyèl pou Kongrè a kontinye bay lajan pou sekirite nan nivo ane a pou pwoteje rezidan nou yo. Mwen toujou ap lite pou m ranvèse pwopozisyon danjre Prezidan pou redwi sibvansyon Sekirite Enteryè Vil New York a mwaye ane pwochen, e mwen pap pran repo jiskaske sa fini.”

Prezidan ak Direktè Egzekitif MTA Thomas F. Prendergast te deklare: “Deplase kliyan yo ansekirite ak pwoteksyon atravè sistèm nou an se pi gwo priyorite nou. Lajan sa pral ede nou plis amelyore pwoteksyon enfracstrikti nou, fòmasyon anplwaye ak pou kenbe yon prezans solid lapolis nan sistèm lan pou detekte menas pou piblik la ansanm avèk byen plizyè bilyon dola nou an. Nou rekonesan pou defans kontinyèl ki soti nan FEMA, DHS ak TSA paske yo rekonèt ke New York ansanm avèk MTA rete pi gwo sib posib teworis e nou dwe kontinye rete osi vijilan ke jamè pou pwoteje tout moun sila yo ki itilize sistèm nou yo.”

Komisyonè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans John P. Melville te deklare: “Li enpòtan pou nou asire ke kominote nan nò nou yo gen resous pou reponn a defi ki egziste sou fwontyè nò nou yo. Finansman sa pral fè yon wout long nan bay lapolis resous ke yo bezwen pou amelyore efò pou reponn a defi sa yo ak pou kenbe rezidan nou yo ansekirite.”

\$54 milyon dola nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2017

Devlopman modèn nan atak teworis mande yon apwòch apwofondi nan efò anti-teworis Eta a. Dènye atak laterè yo montre yon tandans nan direksyon atak kowòdone kote yo itilize zam datak modèl militè, ansanm avèk gwoup ekstremitis ki pran nesans lokalman ki angaje nan atak lous solitè. Li pi fasil pou atak sa yo fèt sou teritwa Ameriken an e li ka rive nenpòt kote nan Eta New York.

Bidjè a gen ladan yon investisman \$40 milyon, yo te premye pwopoze nan diskou sou eta Gouvènè a, pou ogmanse prezans ajans lapolis atravè eta a, \$10 milyon dola pou ekipman sekirite pou ajans lapolis lokal ak \$4 milyon dola investisman pou bay polisye New York State Police fizi gwo pwisans, pwoteksyon blende pou kò yo ak kask balistik pou tèt pou tout twoupè an inifòm kap travay, ansanm avèk fòmasyon ki nesèsè pou prepare yo pou menas teworis la kap evolye.

###

Wap jwenn lòt nouvèl disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418